# Дунялго х1айранав Х1амзатил Расул.

«Унго -унгояв  шаг1ирасул кьалбал рухьарал рук1уна жиндирго халкъалда  ва гьев рит1ухъав вук1уна жив вижарав ракьалъе».
Р.Х1амзатов.

Р.Х1амзатовасул асаразул аслиял темаби ккола Ват1аналъул, эбелалъул, рагъул ва миллияб мац1азул темаби. Ват1ан бокьиялъул темаялда хъвараб буго гьесул «Дир рак1 муг1рузда буго» абураб асар.



Дагъистаналъул халкъияв поэт Расул Х1амзатов гьавуна 1923 соналъул 8 сентябралда Хунзахъ районалъул Ц1ада росулъ, машгьурав шаг1ир Х1амзатил хъизамалда. Эбелалда ц1ар бук1ана Хъандулай. Гьел к1иялго рук1ана ц1акъ г1ададамал хириял, махсара хоч1 бокьулел, рак1бац1ц1адал маг1арулал. Эбел-инсул хасият-г1амал васасул чорхолъги, бидулъги, рек1елъги бессич1ого хут1ич1о.





Мне ль тебе, Дагестан мой
былинный,
Не молиться,
Тебя ль не любить,
Мне ль в станице твоей
журавлиной
Отколовшейся птицею быть?

Дагестан, все, что люди мне
дали,
Я по чести с тобой разделю,
Я свои ордена и медали
На вершины твои приколю.

Посвящу тебе звонкие гимны
И слова, превращенные в
стих,
Только бурку лесов подари
мне
И папаху вершин снеговых!

# Расулил ах1и

Хасалихълъи щвейгун щибаб соналда
Сабурго зодоре ралагьула нилъ,
Ракьалде свакарал куркьбалги хьваг1ун,
Роржунел къункърабаз гьарула х1айран.
Расулица ч1аго ракьалда г1емер
Ах1ана гьел ругин рагъда камурал,
Кирниги рукъич1ел, къанабакь лъеч1ел,
Лебалал, хвел гьеч1ел васазул рух1ал.
Гьезул чит1иралзулъ цо гьит1инаб бак1,
Гьеб жиндие тараб гурищан абун,
Хьул лъураб бак1ги щун рази ватила
Зодив къукърабигун воржунев Расул.


В окно
смотрели двое:
Один увидел
дождь и грязь,
Другой листвы
зеленой вязь,
Весну и небо
голубое.
В одно окно
смотрели двое...
Расул Гамзатов
IAMSUNSHINE.RU




Страна Мам

«Хъах1ал къункъраби» хъвазе дир пикру ккана Япониялда вугев мехалъ. Атомалъул бомба кьвагьараб доб г1асияб къоялъ унти ккарай ясалъ госпиталалда байбихьун буго кагътил къункъраби гьаризе. Гьедин гьабуни, жий хваликьа йорч1илин бук1ун буго гьелъул хиял. Азарго къункъра г1елалдего, яс хун йиго.

Хъах1аб къункъра хъатикь ккурай ясалъул памятникалда цебе бак1арараб халкъалъул руккалилъ вахъун ч1ун вугев дир тохлъукьего берч1вана ч1агоял къункърабазул т1елалда. Гьеб къоялъ дун къункърабаз асир гьавуна. Дица пикру гьабулеб бук1ана киналго рагъул къурбаназул. Гьедин бижана дилъ гьеб т1олго

Дида ккола, рагъда, камурал васал
Кирго рукъун гьечIин, къанабакь
лъечIин.
Доба борхалъуда хъахIил зобазда
ХъахIал къункърабазде сверун ратилин.

Гьел иххаз хаселаз халатал саназ
Нилъее салам кьун роржунел руго.
Гьелъин нилъ пашманго, бутIрулги
рорхун,
Ралагьулел зодихъ щибаб нухалда.

Боржун унеб буго къункърабазул тlел,
Къукъа буго чlварал гьудулзабазул.
Гьезул тlелалда гъоркь цо бакl бихьула —
Дун вачlине гьаниб къачараб гурищ?

Къо щвела борхатаб хъахlилаб зодихъ
Хъахlаб къункъра лъугьун дунги паркъела.
Гьелъул гьаркьидалъул ракьалда тарап

